

Non _____

Dat _____

Premye Jou—

DIREKSYON: Koute istwa sa a byen an silans. Apre sa reponn kesyon yo

AYAYAY!!!

Yon nèg rich te vle fè Tijan Save yon move kou. Nèg rich la voye Tijan ale achte diri, epis ak yon bagay ki rele “Ayayay” nan mache a. Men lè Tijan Save rive nan mache li pa fouti jwenn bagay yo rele ayayay la. Tijan Save achte diri ak epis. Lè fini li kalkile, li pa wè sa pou l fè.

Li t ap pase bò yon raje, li wè kèk ti pikan atè a. Li tou ranmase yo, li mete yo nan diri a. Li brase yo byen nan diri a. Li tounen kay nèg rich la, li di msye: “men bagay yo.”

Nèg la gade, li wè diri ak epis yo. Li kòmanse fache. Li konpran Tijan pa t jwen ayaya la. Li mande kote ayayay la?. Tijan reponn: “li nan diri a, pase men ou wa jwenn li.”

Nèg rich la pase men li nan diri a, pikan pike dwèt li (*zwing*), li rele:

AYAYAYA!!!, AYAYAYA!!!

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Koute istwa a byen an silans, epi reponn chak keksyon lè pwofesè a fin li yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

1. Kisa Nèg Rich la te vle fè Tijan?
 - O A) Ba li lajan
 - O B) Fè l yon move kou
 - O C) Voye l nan mache

2. Sa ou panse non Tijan Save a vle di:
 - O A) Li konnen anpil bagay
 - O B) Li sòt pase Bouki
 - O C) Li renmen sove

3. Poukisa Tijan brase pikan nan diri a?
 - O A) Pou bay diri a bon gou
 - O B) Li t ap pare yon pèlen
 - O C) Pa t genyen lòt plas pou mete l

4. Dapre istwa a kisa yo rele: “**Ayayay**”?
 - O A) Yon bon manje pike
 - O B) Li se yon bwa
 - O C) Se yon bri moun fè

5. Eskè Tijan se nèg sòt?
 - O A) Non
 - O B) Wi
 - O C) Li pa la

Non _____

Dat _____

Dezyèm Jou--Generalization

DIREKSYON: Li chak paragraf yo byen, epi reponn kesyon ki suiv yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

Kote yo rele Pòl Nò a se yon zòn ki fè frèt anpil sou Latè. Gen glas toupatou, tout tan. Pyebwa pa kap pouse la. Li difisil anpil pou moun ak zannimo yo jwenn manje pou yo viv la pou lontan.

1. Ki konklizyon jeneral ou kapab fè sou tèks sa a?

- A) Pyebwa pakab viv nan Pòl Nò.
- B) Glas la pa bon manje pou zannimo yo.
- C) Lavi nan Pòl Nò difisil anpil.

Moun travay di lè y ap bwote. Pou kòmanse, yo met tout rad nan bwat, apre sa se asyèt yo. Yo kouvri tout gwo founiti yo ak twal, mare yo ak kòd. Apre, yo kòmanse ranpli kamyon an ak tout bagay sa yo. Finalman yo mete matla nan kamyon an...

2. Dapre atik sa a, ou gen dwa di:

- A) Bwote se yon gwo travay.
- B) Rad ak asyèt kraze nan bwote.
- C) Matla a two lou pou kamyon an.

Makso ouvè je li, li kontan wè se yon bèl jounen pou monte kap. Makso te fè yon bèl kap, li ale monte l sou plas la. Tout moun ki te la bat yon gwo bravo pou kap la. Fil la kase epi kap la ale.

3. Kilès nan fraz yo ki pi miyò pou fè konklizyon paragraf la?

- A) Pak ka pa yon bon kote pou monte kap.
- B) Makso retounen lakay li tris.
- C) Moun yo fè kap la ale.

Non _____

Dat _____

Lorèn ale nan mache pou achet pwovizyon. Lorèn jwenn pwa, diri, vyann, kawòt ak pata. Li tounen lakay mete chodyè sou fou a. Kouvè sou tab pou tout moun vin manje. Kè Lorèn kontan lè moun yo di l yo renmen manje a.

4. Ki fraz ki pi bon pou eksplike paragraf sa a?

- A) Manje tout moun renmen.
- B) Lorèn nan kizin nan tout jounen.
- C) Lorèn renmen fè manje pou moun manje.

Jòj ale pase vakans an Ayiti. Li vizite anpil vil nan peyi a. Jòj wè bèl lanmè, bèl legliz, bèl moun pwòp k ap mache nan lari a. Li pa janm sezi konsa, paske li te toujou tande Ayiti....

5. Fini paragraf la ak youn nan fraz sa yo.

- A) pa gen mòn.
- B) byen rich.
- C) te lèd anpil.

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Li pwezi sa a an silans. Reponn keksyon ki suiv yo.

LèMGran

M ta renmen vin yon doktè
Pou m simaye lasante
Oswa yon gwo apantè
Pou m separe mwatye, mwatye

M ta renmen vin pwofesè
Pou m ka fòme bèl lespri
M ta renmen kiltivatè
Plante diri, pwa, mayi

M ta renmen yon lapolis
Travay bò kot lajistis
Oswa yon bon mekanisyen
M ta renmen fè metye m byen

Ou menm ki sou ban lekòl
Pran sa w ap fè oserye
Bliye krim bliye vòl
Panse ede lasosyete.

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Li chak keksyon byen. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

1. Nan pwezi sa a, moun k ap pale a se yon:

- O A) voyajè
- O B) jèn moun
- O C) granmoun

2. Ki santiman otè a ap kreye nanpati sa a?

- O A) tristès
- O B) kontantman
- O C) espwa

3. Ou kapab wè nan pwezi a, otè a

- O A) renmen sa k ap pase nan peyi a
- O B) vle yon bon avni pou li ak rès sosyete a
- O C) chèche konnen moun k ap li pwezi a

4. Kilès nan fraz sa yo ki yon opinyon?

- O A) M ta renmen fè metye m byen
- O B) Plante diri, pwa, mayi
- O C) Travay bò kot lajistis

5. Kisa mo **simaye** vle di nan pwezi a?

- O A) Voye jete
- O B) Pataje ak tout moun
- O C) Li sanble ak li

Non _____

Dat _____

Twazyèm Jou--Gramè

Mete mo yo nan lòd alfabetik:

- a. Sandal, glas, pikèt, klas, boulèt, manchèt
- b. Prèske, finès, adrès, komès, saliv, tomat
- c. Palmis, bifèt, kivèt, trankil, bastistè, krikèt, paske
- d. Djondjon, rekòt, jaden, chemen, fiyòl, ranmase
- e. Jistis, malis, souflèt, kalbas, dirèk, kalkil, fisèl fizi

Di valè silab ou jwenn nan mo sa yo:

- f. Benyen, ____ sapoti, ____ kontantman, ____ reyòganize, ____
- g. Madmwazèl, ____ bonjou, ____ monchè, ____ wout, ____ twazyèm, ____
- h. Zandolit, ____ demen, ____ pinisyon, ____ latousen, ____ detanzantan, ____

1. Mete **a** oswa **an** aprè chak non yo

Tabourè... sitwayen... tanri... chamo... taykreyon... ane...

Tafyatè... tanpon... fanmi... temwen... talon... tabliye...

2. Mete **la, lan**, oswa **nan** apre chak non yo.

Tab... miting... janm... grenouy... telefòn...

Tenis... tantanm... regtang... bannann... trarif...

3. Mete **atik defini sengilye** apre chak non yo.

Telegram.... tayzong.... zanno... gramè...

Pouding... konpayi... tant... tenm....

Bonbon... biskwit... bouyon.... kichoy....

kayimitkafetyè ...tèmòs ...boutèy

4. Sèvi ak lis **non** anwo paj sa a epi chwazi senk (5) mo pou chanje an **plirvèl**

1. _____	4. _____
2. _____	5. _____
3. _____	